

Dokiman sa a gen foto pati prive moun epi li kapab pa apwopriye pou tout moun gade.




Bon Fason Pou Itilize Yon Kapòt Pou Gason


— Sa ou dwe fè ak sa ou pa dwe fè konsènan kapòt —

- **OU DWE** itilize yon kapòt chak fwa ou fè sèks.
- **OU DWE** mete yon kapòt avan ou kòmanse fè sèks.
- **OU DWE** li bwat la epi tcheke dat ekspirasyon an.
- **OU DWE** gade si pa gen okenn kote ki chire oswa gate.
- **OU DWE** konsève kapòt yo nan yon kote ki fre epi sèk.
- **OU DWE** itilize kapòt ki fèt ak materyèl latèks oswa poliyiteràn.
- **OU DWE** itilize ak dlo ki baze sou oswa silicone ki baze sou librifyan yo anpeche chire.
- **OU PA DWE** mete kapòt nan pòtfèy ou paske chalè ak friksyon ka fè dega nan yo.
- **OU PA DWE** itilize nonoxynol-9 (yon pwodwi ki touye jèm gason), paske sa kapab irite ou.
- **OU PA DWE** itilize pwodwi ki fèt ak lwil tankou lwil pou tibebe, krèm, vazlin, oswa lwil pou fè manje paske yo kapab fè kapòt la chire.
- **OU PA DWE** itilize plis pase yon kapòt alafwa.
- **OU PA DWE** itilize yon kapòt plis pase yon fwa.


— Kijan Pou Mete ak Retire Yon Kapòt Pou Gason —




Pran san ou pou ouvri ak dekachte anbalaj kapòt la.




Mete kapòt la sou tèt kòk la ki kanpe epi rès. Si ou pa sikonsi, rale po a dèyè anvan.




Peze tèt kapòt la pou van an ka soti.



Dewoule kapòt la jis anba kòk la nèt.



Aprè sèks men anvan rale soti, kenbe kapòt la nan baz la. Lè sa a, rale mete deyò, pandan kapòt la kenbe nan plas li.



Retire kapòt la tou dousman epi jete li nan poubèl.

Pou plis enfòmasyon, tanpri visite sitwèb
www.cdc.gov/condomeffectiveness

